АШЫЛЫСЫЎ

«АДАМ БОЛЫЎ ИС ЕМЕС АҢСАТ...»

Илгери жыллары устазымыз, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген журналист Атажан Халмуратов «Еркин Қарақалпақстан» газетасында «Ашылысыў» деген айдар астында қызықлы сәўбетлер жәриялап турды. Ол сәўбетлесиниң қәлбиндеги барын суўырып алыўға «бенде емес» еди. Атажан ағаның «Ашылысыў»ларына ҳәўесимиз келип, оннан үйрениўге ҳәрекет еткенбиз.

Соннан бери де онлаған жылдан асты. Бул айдар Атажан аға менен бирге кетти. Газета бетлеринде қайтып көзимизге түспеди. Жақында пайтахтымыздағы 34-санлы мектептиң директоры, әдиўли устаз, Өзбекстан халық билимлендириўи ағласы, халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңесиниң депутаты, «Өмир сабақлары», «Қайдасаң, Чинара?», «Тәғдир соқпақлары», «Үш автордың бир қаҳарманы», «Әрманлар сынған күн» атлы китаплардың авторы, Қырғызстанда өткерилген халықаралық таңлаўда «Алтын қәлем» сыйлығын алыўға миясар болған Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзасы Оралхан Сапарова менен сәўбетимиз даўамында устазымның усы «Ашылысыў»ын қолдан келгеншe жаңартсам деген ниййет пайда болды.

Үлкемизде әжайып инсанлар көп. Олардың қәлбинде нелер жатырғаны, кеширмелери, өмирден тапқанлары менен жоғалтқанлары газета оқыўшыларына ой салады, деген үмиттемен.

— Сәўбетимиздиң кириспесинде Оралхан Сапарова ким екени, бираз кемелердиң басын тең услап киятырғаны, бир кеменiң өзинде «салысы суўға кетип» жүргенлерден парқы туўралы қысқаша айтып өттик. Өмирде бәри жақсы болыўы ушын адамнан нелер талап етиледи?

- Бул сораўыңыз уллы шайырымыз Ибрайым Юсуповтың мына қосық қатарларын ядыма салды:

Жазғы ақшамда жатып шалқама,
Жулдызларға қарап ойға таламан.
Өз өмиримди ойлағанда бәрҳама,
Мен өз тәғдиримe қайыл қаламан.

Бар оның бир жазып атқан дәстаны.
Мениң өмиримнен шеберлеп қурап.
Мен туўылар гезде оны баслады,
Қашан питкерерин билмеймен, бирақ.

Адам болыў ис емес аңсат,
Атқара алмай қаласаң бәрин...

Уллы шайырымыз айтқандай, адам болыў, бәри жақсы болыўы аңсат ис емес, бул ушын пүткил өмириңди бағышлаўың, бар билиминди, тәжирийбелериңди сарплаўыңа туўра келеди. Себеби, жақсы болыў да, жаман болыў да өзиңнен. Аллатаалам сени ҳаял, ана деген уллы атқа ылайық көрди ме, мәмлекет, ҳүкимет саған жуўапкершиликли ўазыйпаны исенип тапсырды ма, қолыңа мөр услатып имканиятларды берди ме, соған ылайық болыўың керек.

Өзиңиз атап өткендей, пешанама бираз ўазыйпаларды атқарыў жазылыпты. Бул ўазыйпалардың ҳәр бириниң өз алдына жуўапкершилиги бар. Солардың ишинде басшылық илимин меңгериў жеңил талап емес. Қолында мүмкиншилигиң болған ўақытта әтирапыңдағылардан қызғанбаў, олардың аўырын жеңиллетиўге ҳәрекет етиў, қуўаныш-қайғысын бөлисиў, оларды түсиниў басшының мәртебесин бийиклетип бара береди. Өзин басқалардан бәлент тутқан, көмешине күл тарта берген, басқаларға пәс нәзер менен қараған басшының изинде жақсы ат қалғанын көрмедим. Ҳүрмет-иззетти тартып ала алмайсаң. Өзиңди мақтатыў, көзиңше «жақсы көрген»ди басқалардан үстин қойыў биймәниликтен басқа нәрсе емес. Жәмәәтиңе жанашырлығың, сөзиң, исиң менен ғана ҳүрметке ерисесең.

34-санлы мектепке басшылық етип атырғаныма 19 жыл болды. Билген нәрселеримди үйретиўден шаршамай, гейде сырымды айтып турып еки ойлы болып жүргенлерди жолға салған ўақытларым көп болды. Имканиятларым шеңберинде жәмәәтime көп жақсылық ислеўге үлгердим, оларды изиме ерте алдым, деген ой қәлбиме қәтержамлық бағышлайды. Өзбекстан Қаҳарманы, шайыр Абдулла Ариповтың «Ақыл менен лаўазымға ерисиў мүмкин, лекин, лаўазым менен ақылға ерисе алмайсаң» деген пикирине толық қосыламан. Ҳәр қандай табысыма жәмәәтим шерик, олarсыз ҳеш ким емеспен, деген ой мени ҳеш қашан тәрк етпеген. Жаслар менен жаслар кейпиятында, жасы үлкенлер менен жасы үлкен сыпатында пикирлесиўим, зәңгилеслерим менен тең тура билиўим, барлық темаларда сөйлесе алыўым мени оларға жақынластырды. Булар мениң басшылық ўазыйпама да, устазлық кәсибиме де, жазыўшылығыма да, ҳаяллық бахтыма да тийисли пикирлер. Себеби, адамның қәлби жалғыз болғаны ушын сөзинде де, исинде де солар көринеди, қәлеминe солар илинеди.

— Мектебиңизде өткерилген ушырасыўлардың биринде усы мектепте тәлим-тәрбия алған мәмлекетимизге белгили талантлы бақсылар, опера атқарыўшылары, илим ийелери, устазлар шығып сөйлеп, қандай тығыз ислери болса да ана мектебине шақырса ўақыт табатуғынын, сизден көп жақсылықлар көргенин айтты. Айырымлары ҳәтте, өмирден ўмитин үзген ўақытта да демеў болып жигерлендиргениңизди, қайта қатарға қосылып турмыста өз орынларын таўып кеткенлерин елжиреп сөз етти. Байқаўымызша, мектебиңизде мәмлекетлик стандартлар тийкарында берилип атырған тәлим-тәрбиядан тысқары, жәмәәт ағзаларын, шәкиртлериңизди «киндигинен байлап» қоятуғын бир мәргияңыз бар сыяқлы...

— Бүгин заман басқаша. Раўажланған технологиялар әсиринде жасап атырмыз. Қәлеген темаң бойынша қәлеген сораўларыңды, ҳақ-ҳуқықыңды бир мәўритте қолыңдағы телефонының-нан оқып, билип ала бересең. Олар сениң тил ушы беретуғын ақыл-нәсиятыңа мүтәж емес. Адамлар ҳәзир буйрықпазлықты, қолыңды силтеп сөйлегенинди көтере бермейди. Бирақ, адам жаны деген сезим бар. Оның орнын ҳеш қандай стандарт, ҳеш қандай технология баса алмайды. Усы жерде өзиңиз ушырасыўда еситтим, деген бир мысалды келтирип өтейин, мектебимизде ислейтуғын бир муғаллимимиз онкологиялық кеселликке шатылды. Емлеўханада химиялық емлерин алып атырған ўақытта изинен барып, кеўилин алдым. Руўхы күшли адамды өтлесип кетпеген ҳәр қандай кеселлик жеңе алмайтуғынын, бул ушын наўқас түскинликтен шығып, шыпакер екеўи бир тәреп болып гүресиўи кереклигин мысаллар менен түсиндирдим, билген нәсиятларымды айттым. Өзим гүўасы болған жағдайларды айтып, исеним ояттым. Оған ҳәр күни азанда қоңыраў етип, жағдайларын сорадым, жигерлендирдим. Нәтийжеде еми қонып, қатарымызға қосылып кетти.

Бундай аўҳал талантлы бир қосықшы шәкиртимиздиң де басына түсти. Еситип, емлеўханаға изинен барсам, алтыншы химиялық емин алып атыр екен. Түскинликке берилип, болдырып қалған. Биринши гезекте шыпасын Алла береди, бизден тек жақсы сөз. Исенимниң, жигерлендириўдиң қәраматын сонда көрдим, сол жигит те бүгин сахнада. Оның қай дәрежеде миннетдар екенлигинөз аўзынан еситтиңиз.

Тек булар емес, жәмәәт ағзаларымнан қайсы бири, мейли бурынғы мүнәсибетлеримизде мени жақсы көрсин-көрмесин, ол қыйланғанда, түскинликке түскенде, қатты қуўанғанда жанында болыўды, апалық нәсиятларымды айтыўды, дурыс бағдар бериўди жасы үлкенлик, басшылық миннетим, деп есаплайман ҳәм соған әмел етемен. Себеби, адам кимдидур жақсы, жаман көриўге ҳақысы бар. Буны тәбийғый ҳалат деп қарайман. Ойымда душпаныңды да досқа айландыра алмасаң, онда жасағаның бийкар, устазлығың да бийкар деген пикир турады. Булар әлбетте, мектеп тәлим стандартларында көрсетилмеген, тек адамның жан дүньясына пайлы қәсийетлер.

Басшылық та бир өнер. Бүгин сөзиң менен исиң бир болып, жумысларыңның нәтийжесин көзлери менен көрсе ғана саған исенеди. Ҳәзир мотивация, деген сөз көп айтылады. Мен бул сөзди көп қоллана бермеймен. Түскинликке түсип турған адамның ишки имканиятларын есапқа аламан, сен зорсаң, сен күшлисең, өзиңди қолға алсаң, сен жеңесең деп жигерлендиремен. Ондағы исенимин оята алсам, қудайдың қылғанына қайыл болып турған адам өмири ушын гүресе баслайды. Бундай «бийдай сөзлерин» аямаў айырым адамлар ушын жүдә қыйын. Мүмкин, өзиңиз айтқан тартыў күшим, мәргиям әтирапымдағылардың қайғысы менен қуўанысын өзимде сезингенимде ҳәм оларға шерик бола алғанымда болса керек. Басшының бир ўазыйпасы жәмәәтте салamат орталықты жаратыў болса, мен сол орталықты жарата алдым, деп ойлайман.

— Жақынға шекем тәжирийбели мектеп директоры сыпатында танылған Оралхан Сапарованың кейинги ўақытлары жазыўшылар қатарында көриниўи, кешеўиллеңкирегени менен соңғы жыллары китапларының избе-из баспадан шығып атырғаны, жайдары тил менен айтқанда, әдебиятқа жулқына кирип келиўиниң төркини неде?

— Мен әдебиятқа ерте келдим деп те, кешеўиллеттим деп те айта алмайман. Себеби, әдебият мениң балалықтан «хоббий»им. Әзел бастан әдебиятқа жақын болдым. Мақалаларым, гүрриңлерим баспасөз бетлеринде жәрияланып турды. Мектепти тамамлағанымнан кейин Ташкент мәмлекетлик университетиниң журналистика факультетинде оқыў ушын ҳүжжетлеримди тапсырғаным менен сынақларда әўмет күлип бақпады. Соңынан жазыўдан қол үзип, устазлық жолын таңлап кеттим. Қалаберсе, үлкен шаңарақка келин болыўым, қонақлы, перзентли болыўым мени жазыўдан узақластырды. Бирақ, китап оқыўдан жалықпадым. Еримниң китапқумар болыўы маған қол келди. Адамлар дүнья жыйнаса, бизлер китап жыйнай бергенбиз.

Булардың бәри руўхый дүньямды байытып, өмирлик «багаж»ыма қосылып бара берди. Көпти көриўим ақ-қараны айырыўыма, дослық пенен сатқынлықты өлшестириўиме негиз жаратты. Мениң өз тәрезим өзимде болды. Сол тәрезиге өзим билген, көрген, өзиме аян болған дүньяны тарттым. Сезимимниң, ойларымның жуўмағын қағазға төгиўге ҳәрекет еттим.

Дәретиўшиликте мени де жигерлендирген инсанлар болды. Мениң қәлем тербетиўге ықласымды бақлап жүрген достым, Қарақалпақстан халық шайыры Гүлистан Дәўлетованың «сениң қолыңнан келеди, жаза бер», деп илҳамландырғаны, устазым, Қарақалпақстан халық жазыўшысы Алпысбай Султановтың «сен проза тараўын меңгергенсең ғой...» дегени өзиме исенимди күшейтти. Өзиңиз айтқандай, әдебиятқа кешеўиллетиңкиреп келгеним менен ўақыттан үнемли пайдаланыўға тырысып атырман.

Адамда сансыз мүмкиншиликлер бар. Сол мүмкиншиликлерди пайдалана билсең, көп нәрселерге ерисиўиң мүмкин. Мениң өмиримде жазыўшылық пенен устазлық бири-бирин толықтырып атыр. Педагогикада түйгенлеримди жазыўшылықта, жазыўшылықтағы ойларымды устазлықта пайдаланаман. Булар еки басқа дүнья емес. Олар шешим ҳәм түйин. Жазыў арқалы өзлигиңди табыў көп мийнетти талап етеди.

2020-жылы өмирлик жолдасым дүньядан өткеннен кейин өзиме көбирек кеўил бөле басладым. Кешқурынлары жылап-сықлап отырыўдың орнына қолыма қәлемимди алып, өзимди әдебият арқалы аңлаўға ҳәрекет еттим. «Москва көз жасларға исенбейди» деген киноны көрген болсаңыз, турмыстағы барлық қыйыншылықлардың шешими табылады. Мен өз басымнан кеширгeн жоғалтыўларымды әдебият арқалы толтырдым. Өмирде көргенлеримди қағазға түсирдим. Шығармаларым, соңынан китапларым биринiң изинен бири жарық көре баслады. Бурын дөретиўшилиги жийи көзге түсе бермейтуғын Оралхан Сапарованың әдебият әлемине сизиң сөзиңиз бенен айтқанда жулқына кирип келиўиниң төркини усыларда.

— Гейде жазыўшы-шайырлардың жазғаны менен ислеген ислери сәйкес келмегени туўралы оқып қаламыз. Мысалы, Пушкинниң минез-қулқы жүдә аўыр болып, «тийгенге тийип, тиймегенге кесек атқан»лығын оқыдым. Усы пейлинен оны айналардан ылақтырып жиберген, отызға жақын дуэльлерге шыққан. Бирақ, жазған қосықлары неше әсирден бери дүнья бойлап жасап атыр ҳәм жасай береди. Сиз қалай ойлайсыз, жазыўшының қәлеминен дөреген шығармаларынан оның кимлигин аңлаўға бола ма?

— Сиз айтқан мысаллар сийрек ушырасыўы мүмкин. Себеби, өзимнен келип шығып айтатуғын болсам, жазыўшының шығармаларынан, пикирлеринен оның минез-қулқы, қәлбинде бары көринип турады. Жазғанларынан сумлығы, ақ көкиреклигин аңлаў қыйын емес. Мысалы, мениң жазғанларым — мениң пикирлерим. Булардан минез-қулқымды оқый алады, деп ойлайман. Өзимди көбирек толғандыратуғын нәрселер ҳаял-қызлар турмысы болғанлықтан, олардың бахтын, физикалық жақтан әдеўир ҳәлсиз көрингени менен шыдам, сабыр жағынан ерлерден асып түсиўин, ҳаял жолын, жәмийеттеги орнын, уллылығын ашып бериўде қәлбимде бары, турмыстан түйгенлерим қағазға төгиледи.

— Сиз депутатсыз, республикалық көлемдеги жәмийетлик жумыслarда, комиссиялардағы искерлигиңизден де хабарымыз бар. Биз билип-билмеген Оралхан Сапарованың және қандай өнерлери бар?

— Буны өнер дейсиз бе, пазыйлет пе, ҳәр қандай мәселени сабырлылық пенен ақылға салып шешиўдиң тәрепдарыман ҳәм оған турмыста да, жумыс барысында да көп әмел етемен. Көп нәрселерди көрип, билип, сезип тураман. Бирақ, көрмегенге, билмегенге, сезбегенге аламан. Нәқаслықларға ашыўым келгени менен ақылға жеңдириўге ҳәрекет етемен. Жәмәәт үлкен болған соң ҳәмме бир пикирде бола бермейди. Бирақ, қарама-қарсы пикирлеримди билдириўдиң орнына оларға ўақыт беремен ҳәм жақсылық ислеўди даўам ете беремен. Бир жақсылығыңды елемейди, екинши, үшиншилерин де көрмегенге алады, төртинши мәрте Оралхан апасы өзи ойлағандай жаман адам емеслигимди айтып салады. Мен оларды жақсылық пенен ийилдире аламан.

Бизди турмыс академиясы шыңлады. Китап оқыўды, тағамлар писириўди жақсы көремен. Мен аўылдан кеткеним менен аўыл меннен қалмады. Жақынға шекем қыйтақ жеримизге егин егип, тәрбиялап келдик. Тәбиятқа болған меҳрим өзгеше...

— Өмирде тапқанларыңыз менен жоғалтқанларыңыз? Адам қаншама ақыллы, билимли болғаны менен турмыс бийлеп кететуғын ўақытлары да болып турады...

— Қәтелик ислемеген адам ақыллы адам деп ойламайман. Мениң устазымның өзи өмирде жиберген қәтеликлерим. Ҳәрекетсиз адам ғана қәтелик ислемеўи мүмкин. Ҳәрекеттеги, алға умтылатуғын адам қәтелеседи, дүзетеди, өмир тәжирийбеси артады. Сол қәтеликлерди неге жибердим, деп изиңе қарап өкине берсең, жеңилесең. Мениң принципим — қәтеликке жол қойдың ба, қолың менен ислегенинди мойның менен көтер. Көзинди аш, қәтелигиңнен жуўмақ шығар, алға умтыл. Мен өмирдеги ҳеш бир исиме, ҳеш нәрсеге өкинбеймен. Бул да тәғдирим шығар, деп қабыллайман. Журналистиканы таңлап, оқытыўшылық кәсибине өзгерип кеттим, лекин, жақсы устаз бола алдым. Оқып атырған аспирантураны таслап кеткен болсам, бала-шағалы болдым, шаңарағым беккем болды. Бир нәрседен кешпей турып, бир нәрсеге ерисе алмайсаң. Гейде кеўлимнен егер басты болмағанымда немис тили пәнинен атақлы устаз болар едим ямаса аспирантурадан кетпегенимде илимий дәрежелерди ийелер едим, деген ойлар жылт етип өтип турады.

Лекин, булар өкиниш емес. Өмирден тапқанларым қанша! Жақсыларға хызмет еттим, жақсы инсанларға дуслас, жақсы адам менен қослас болдым. Солардың арқасында ақ-қараны бир адамдай айыра алдым. Өмирди күлип турып жеңиўге тырыстым. Булар мениң тәғдирим, пешанама жазылғаны деп қабылладым. Шешимлеримниң дурыслығын турмыс көрсетип атыр. Ибрайым аға айтқандай:

Мен өз тәғдиримe ҳайран қаламан,
Ол еслетер арзыў-үмитлеримди.
Оған тән беремен, тәўбе қыламан,
Арнап шүкираналық мәўритлеримди.

Сәўбетлескен:
Пердегүл
ХОЖАМУРАТОВА.

Соңғы жылларда мәмлекетимизде суд ҳәкимиятының ғәрезсизлигин тәмийинлеўге, суд ислерин жүргизиўди жетилистириўге, сондай-ақ, пуқаралар ҳәм исбилерменлик субъектлериниң ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин суд арқалы қорғаў кепилликлерин күшейтиўге қаратылған реформалар әмелге асырылды. Соның менен бирге, жаңа редакциядағы Өзбекстан Республикасы Конституциясында Өзбекстан Республикасы Жоқарғы судына ҳәм оның ўәкилликлерине тийисли жаңа нормалар белгиленди.

ПУҚАРАЛАР ҲУҚЫҚЛАРЫ: НЫЗАМШЫЛЫҚҚА КИРГИЗИЛГЕН ӨЗГЕРИС ҲӘМ ҚОСЫМШАЛАР

Усы мақсетте 2025-жыл 9-июньде Өзбекстан Республикасы нызамы қабыл етилди. Усы нызам менен «Судлар ҳаққында»ғы ҳәм «Өзбекстан Республикасы Судьялар жоқары кеңеси ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы нызамларының нормалары Өзбекстан Республикасы Конституциясына муўапықластырылды.

Атап айтқанда, Өзбекстан Республикасы «Судлар ҳаққында»ғы Нызамның 14-статьясы жаңа редакцияда баян етилди. Оған муўапық, «Өзбекстан Республикасы пуқаралары, сырт ел пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахслар мәмлекетлик уйымлардың ҳәм басқа да шөлкемлердиң, олардың лаўазымлы шахсларының нызамға қайшы қарарларынан, ҳәрекетлери ҳәм ҳәрекетсизлигинен, соның ишинде олардың туўысқанларының судланғанлығы ҳәм оннан келип шығатуғын ҳуқықый ақыбетлер мүнәсибети менен ҳуқықларының шекleниўинен, сондай-ақ, өмири ҳәм денсаўлығы, абырайы ҳәм қәдирқымбаты, жеке еркинлиги ҳәм мүлкине, басқа да ҳуқық ҳәм еркинликлерине қол урыўлардан суд қорғаўында болыў ҳуқықына ийе. Юридикалық шахслар да суд қорғаўында болыў ҳуқықына ийе» деп белгиленди.

Ҳуқықый мәмлекетте инсанның ҳуқықлары ҳәм еркинликлери ең жоқары қәдирият есапланады ҳәм ғәрезсиз суд инсан мәплерин қорғаўда айрықша әҳмийетке ийе. Бул норма менен тек ғана физикалық шахслар емес, ал, юридикалық шахслардың да суд арқалы өз мәплерин қорғаў ҳуқықлары беккемленген. Бул базар қатнасықларының турақлы раўажланыўы, инвестициялық орталықтың қорғалыўы ҳәм исбилерменлик субъектлериниң ҳуқықый кепилликлерин тәмийинлеўде әҳмийетли есапланады.

Буннан тысқары, бул нызам менен Өзбекстан Республикасының Жынаятпроцессуал Кодексине де өзгерис ҳәм қосымшалар киргизилген. Атап айтқанда, Кодекстиң 23-статьясының екинши ҳәм үшинши бөлимлери төмендеги мазмундағы екинши, үшинши ҳәм төртинши бөлимлер менен алмастырылды:

«Айыпланыўға байланыслы барлық гүманлар, егер оларды сапластырыў имканиятлары тамамланған болса, гүманланыўшының, айыпланыўшының, судланыўшының ямаса судланған шахстың пайдасына шешилиўи керек. Соңдай-ақ, нызам қолланылыўында келип шығатуғын анықсызлықларда гүманланыўшының, айыпланыўшының, судланыўшының пайдасына шешилиўи керек.

Гүманланыўшы, айыпланыўшы ямаса судланыўшы өзиниң айыпсызлығын дәлиллеўи шәрт емес ҳәм қәлеген ўақытта үнсизлик ҳуқықынан пайдаланыўы мүмкин.

Егер, шахстың өз айыбын мойынлағанлығы оған қарсы бирден-бир дәлил болса, ол айыплы, деп табылыўы ямаса жазаға тартылыўы мүмкин емес».

Бул киргизилип атырған өзгерис ҳәм қосымшалар айыпсызлық презумпциясын әмелде тәмийинлеў механизмлерин анық белгилеў ҳәм инсан ҳуқықларын реал қорғаўға қаратылған әҳмийетли нормалар есапланады.

Бул қағыйдалар судлардың ҳүким шығарыўда тек ғана факт ҳәм дәлиллерге тийкарланған қалыслықты тәмийинлеўге, суд-тергеў әмелиятында қурамалы ҳуқықый жағдайларда нызамның пуқара пайдасына талқыланыўына, инсанның өзин қорғаў ушын үнсизликти таңлаў еркинлиги кепиллениўине, шахстың айыбын тән алғанлығы ҳүким шығарыў ушын бирден-бир дәлил болмаўы қатаң белгиленген.

Бул нызам жаңа редакциядағы Өзбекстан Республикасы Конституциясының сөзсиз ҳәм толық әмелге асырылыўын, әдил судлаўды әмелге асырыўда Өзбекстан Республикасы Конституциясы нормаларының тикkелей қолланылыўын тәмийинлеўге және мәмлекетлик уйымлардың жумысын жаңаша конституциялық-ҳуқықый тийкарларда жолға қойыўға хызмет етеди.

А.КЕРИМБАЕВ,
Қарақалпақстан Республикасы суды баслығының орынбасары.

ТӘРБИЯ — ЖӘМИЙЕТ РАЎАЖЛАНЫЎЫНЫҢ ТИЙКАРЫ

Тәрбия — бул инсан шахсын қәлиплестириў, оның әдеп-икрамлылық, руўхый ҳәм интеллектуал жетиклигине ерисиў жолында алып барылатуғын үзликсиз социаллық-педагогикалық процесс. Ҳәр қандай жәмийеттиң раўажланыўы бәринен бурын, ондағы тәрбия системасының жетиклиги менен тығыз байланыслы. Инсан өз өмиринде қайсы тараўда ислемесин, оның табысы балалықта алған тәрбиясына, ата-ана, оқытыўшы ҳәм қоршаған ортalықтан үйренген әдеп-икрамлылық қағыйдаларына таянады.

«Тәрбия» сөзи араб тилинен алынған болып, «раўажландырыў», «жоқарылатыў» мәнилерин билдиреди. Илимий әдебиятларда тәрбия шахсты социаллastырыў процесинде белгили бир әдеплилик, эстетикалық ҳәм интеллектуал қағыйдаларға муўапық қәлиплестириў сыпатында қаралады. Тәрбияның тийкарғы мақсети — жетик, социаллық жақтан белсенди, руўхый ҳәм физикалық саламат инсанды жетилистириў. Әдеп-икрамлылық тәрбиясы — ҳадаллық, ўатансүйиўшилик, социаллық жуўапкершилик, мийрим-шәпәәт сыяқлы қәдириятларды қәлиплестириў. Дене тәрбиясы — саламат турмыс тәризине әмел етиў, спорт пенен турақлы шуғылланыў. Эстетикалық тәрбия — көркем өнер ҳәм мәденият арқалы гөззаллықты аңлаў ҳәм қәдирлеў. Ақылый тәрбия — билим алыў, сын көзқарастан пикирлеў, илимий дүньяқарасты раўажландырыў. Мийнет тәрбиясы — ҳадал мийнет, кәсип-өнер ийелеўге бағдарлаўдан ибарат.

Шаңарақ — тәрбияның биринши институционаллық формасы. Шаңарақ — баланың ең биринши ҳәм ең әҳмийетли социаллық институты. Психологиялық-педагогикалық изертлеўлерге қарағанда, бала дәслепки өмир тәжирийбелерин әйне шаңарақта ийелейди. Ата-ана перзентиниң биринши муғаллими болып, өзиниң ҳәрекети, қатнасы, ҳәтте, ҳаўазынан да бала өзине жуўмақ шығарады. Шаңарақтағы эмоционаллық орталық, ата-ананың өз-ара мүнәсибети, перзентке болған қатнасы, оның жеке пазыйлетлери ҳәм социаллық бейимлесиўине тиккелей тәсир көрсетеди. Тәрбияның тийкарғы өлшемлери сыпатында избе-излик, турақлылық, мийрим-шәпәәт ҳәм жуўапкершилик тийкарғы орынды ийелейди.

Мектеп ҳәм тәрбия педагогикалық орталық ҳәм шахс жетилисиўи. Мектеп — бул инсанды ҳәр тәреплеме жетилистириўге хызмет етиўши социаллық-педагогикалық система. Мектептеги тәлим-тәрбия жумысы тек билим бериў менен шекленип қалмастан, ал, оқыўшының социаллық қәдириятлар, пуқаралық сана ҳәм жуўапкершилик сезимлерин қәлиплестириўди де өз ишине алады. Муғаллим — бул билим бериўши болыў менен бирге, әдеп-икрамлылық үлгиси, психологиялық басшы ҳәм руўхый устаз. Оқыў бағдарламалары арқалы пуқаралық, әдеп-икрамлылық ҳәм экологиялық тәрбия. Мәдений-эстетикалық хызмет (дөгереклер, дөретиўшилик илажлар), дене тәрбиясы ҳәм спорт жарыслары — социаллық жойбарлар арқалы белсенди пуқаралық позициясын қәлиплестириў киреди. Социологиялық изертлеўлерге қарағанда, балалар ҳәм жаслардың 60 процентten асламы социаллық тармақлар арқалы көбирек мәлимлеме алады ҳәм бул олардың қәдирият системасына тиккелей тәсир етпекте. Ата-аналардың мийнетте бәнтлиги себепли тәрбияға аз ўақыт ажыратыўы, оқытыўшылардың жумысының тек ғана академиялық нәтийжелер менен шекleниўи, социаллық әдалатсызлық, жынаятшылық, жумыссызлық, миллий-руўхый қәдириятлардың қәдирсизлениўи көзге тасланбақта.

Заманагөй тәрбия системасын жетилистириў төмендеги бағдарлар арқалы әмелге асырылыўы мүмкин:

Ата-аналар ушын тәрбиялық тренинглер ҳәм психологиялық семинарлар, оқытыўшылардың тәрбиялық компетентлигин арттырыўға қаратылған қәнигелигин арттырыў бағдарламалары, оқыў бағдарламаларына миллий қәдириятлар тийкарындағы педагогикалық қураллардың енгизиў, мәлимлеме мәканында унамлы, конструктивлик контентлер жаратыў ҳәм үгит-нәсиятлаў, мәҳәлле, мектеп ҳәм шаңарақтың интеграциялaсқан модели тийкарында бирге ислесиў системасын жолға қойыў керек.

Тәрбия — бул инсанның қәлиплесиўи, жәмийетке бейимлесиўи ҳәм руўхый жетикликке ерисиўиниң илимий тийкарланған үзликсиз процеси. Илим, технология ҳәм жәмийет өзгерип атырған дәўирде тәрбия системасы да инновациялық ҳәм бейимлесиўшең қатнасларды талап етеди. Тәрбияның заманагөй түри миллий дәстүрлер ҳәм глобаллық тәжирийбе үйлесиминде қурылыўы зәрүр.

Бүгинги жас әўладқа берилип атырған тәрбия — бул ертеңги социаллық-экономикалық раўажланыў, турақлылық ҳәм руўхыйлық кепили екенин умытпаўымыз керек.

Фирюза
ОРАЗОВА,
Шыршық мәмлекетлик педагогикалық университети факультетлер аралық шет тиллери кафедрасы оқытыўшысы.